



MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
EGZAMEN FEN ETID JIYÈ 2022
SERI: (SES- SVT-SMP)
SEGONDÈ IV
KREYÒL

KRICH

Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la

Durée de l'épreuve :2 heures 30

Yon mikalaw joudlan pase sou pase. Anpil soup gentan pèdi lavi yo. Reveyon sou reveyon , fèt [...]. Konpè Nikès, ansyen kako a ak kouzin Marant rale plizyè donn pwa chous depi yo tabli.

Yap viv nan kay depi bèldriv. Marant pa bite fè okenn bèl. Yo mache di se yon move je nan zòn nan ki lakòz. Se li yo di ki achte vant Marant [...] Yo kouri bri. Yo gaye nouvèl Nikès pa gason [...]. Moun chaje tèt malere yo pou yo pa chape. Yo bay lwa manje. Yo fè pla marasa. Yo limen pou lanmò. Senp antere devan pye kabann yo. Makraki bade anndan matla yo. Dwèt malere yo angoudi nan woule grenn chaplè devan ogatwa. Tout sa yo fè bichi. Yo bay Kalfou manje. Yo rele nan pye Nòtredam Nativite. Moun pare boutèy tranpe pou yo. Pwotestan bouyi sòm sou tèt yo. Yo dòmi ak Labib anba tèt yo. Tout se kakarat dèyè bwèt. Anyen pa bridging yon pa. Bri kouri pi rèd atò. Se vant Marant malveyan vann depi li te jenn demwazèl. Paske yon ti nèg nan zòn nan t ap file li. Marant te vle li... wanga pa vire lòlòj fi a. Men wanga kondane vant li pou li pa fè pitit. Vant Marant bay konplotay ak giyon legen.

Djòl tripòt, lang fouyapòt pa pran midi. Vire tounen, yo lage nan deng Nikès ak madanm li marant. Mesyedam yo san souf. Bil yo ap brase. Lapeti yo koupe. Pawòl Sendenden yo anpare lespri yo. Yo pa konn kote pou bay tèt yo. Doutans ponyen yo. Yo sou laj premye kominyon. Marant menm ak mouche li, Yo rete y ap tann. Yo tè pwa tè mayi. Menm rèv ap bay tete marant pa fè ankò. Rèv konsa bouke ak li. Yo kouri lwen. Rèv yo koupe li bonjou. Yo Kwape pou li granchemen.

Sa ki te rete atò, pèp koumanse fè koze mache sou yo. Chak timoun ki kontre ak Nikès, yo voye pwen sou li. Yo rele l kenèp mal. Pinga Marant fè bitay gen je wouj ak yon moun. Depi lè rimay fè move san, yo di milèt la ap voye zago. Yo di radi vann vant li ak mèt kalfou. Sa lakòz se mouch li fè. Li pa kab fè pitit tankou tout fanm. Radyès souse pitit nan vant li. Li an pèdisyon lavi diran. Pèdisyon peye po bannann pou vant Marant. Sò a ak vye mouche li pran bal yo nan fwon yo jan yo kapab. Sa fè yo mal. Men yo reziye yo mare zenba yo pou yo ka pran kè...

Pauris Jean-Baptiste, Nan lonbray inosans 1985, Woman

PREMYE PATI

A- Konpreyansyon tèks (30 pwen/5 pwen pou chak bon repons)

- Ki gwo andikap yo rapòte ki te anpeche Marant fè timoun?
- Bay de (2) egzanp nan tèks la ki lye ak kwayans popilè.
- Presize ki tip tèks la ye epi jistifye repons lan.
- Kisa ekspresyon sa yo vle di: «Anpil soup gen tan pèdi lavi yo», «Tout se kakarat dèyè bwat»?
- Fè yon fraz ki rezime tèks la.
- Jwenn yon chan leksikal pou tèks la.

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (35 pwen/5pwen pou chak bon repons)

- Idantifye nati chak pwopozisyon ki souliye nan tablo apre a.

Fraz	Nati pwopozisyon yo
Teknisyen konpayi yo mande si yo p ap ajiste salè yo.	
Menm si ou pa kanpe avè m, m ap vanse san ou.	

Joslin ap bwose soulye yo, Neyemi ap bale.	
Laplipa sekretè ki ap ekri yo manke sans responsablite.	

- Presize fonksyon mo ki souliye nan fraz pi ba yo:
a) Jak travay di pou reyisit fanmi li. (-----)
b) Li reponn kesyon an avèk fènte. (-----)
Ch) Neyemi dekouvri sekre kou a. (-----)
d) Nan sware fèt la, Joslin touye tèt li. (-----)
- Fè reprezantasyon grafik fraz sa a: “Elèv la etidye pou li reysi nan egzamen an.”

- Asosye chak enonse yo ak figi estil ki koresponn ak yo nan tablo a:

Enonse			Figi Estil
Tout bourik tounen filozòf.	a	1	Sinekdòk
Wolan se yon gwo ewo: li touye twa (3) moun; pami yo yon prèt.	b	2	Kyas
Simon se yon bon vye nèg.	ch	3	Antonomaz
Yon gout dlo lak la kapab nwaye ou.	d	4	Antifraz
Legliz se nou, nou se legliz.	e	5	Oksimò

5. Anplwaye chak pè omonim kote yo chak gen yon sans diferan nan menm fraz la:
- a) Selil/selil
 - b) Kabann/ kabann
6. Tranfòme fraz anba yo selon endikasyon ki nan parantèz yo.
- a) Soraya toujou voye je sou paran li yo.
R..... (fraz deklaratif negatif)
 - b) Li di m: « Èske ou deside retounen Jakmèl ? »
R..... (diskou endirèk)
 - ch) Yo deklare l yo p ap soti san yo pa sezi katab la.
R..... (diskou dirèk)
7. Tradui fraz sa yo an fransè:
- a) Li pakab fè pitit tankou tout fanm.
 - b) Y ap viv ansanm nan menm kay depi kèk lane.

DEZYÈM PATI
B- Literati (15 pwen)

1. Bay otè zév literè sa yo: (8 pwen)
- | Zèv | Otè |
|----------------|-----|
| Leya Kokoye | |
| Dezafi | |
| Djakout | |
| Bouki ak Malis | |
2. Site kat (4) jan literè ou konnen (7 pwen)
- a _____
 - b _____
 - ch _____
 - d _____

- TWAZYÈM PATI**
- CH- Pwodiksyon ekri (chwazi youn nan de sijè sa yo) (20 pwen)**
- 1- Gen yon elèv segondè IV ki di: “Edikasyon se sèl mwayen k ap pèmèt pèp ayisyen an elimine tout move konpòtman, yon fason pou tout sosyete a mache nan sans pwogrè, tèt ansanm ak devlopman”. Mete w nan plas elèv sa a pou avanse agiman solid pou kore pwennvi sa a epi konvenk sosyete a sou plas yo dwe bay edukasyon nan lavi chak jou.
- 2- Ou gen yon zanmi ki kwè anpil nan sipèstisyon. Tout pwoblèm li genyen, tout sa ki rive l oswa ki rive yon moun pa li, li panse se yon moun oswa yon espri k ap fè li mal. Ekri yon lèt voye bay zanmi sa a pou eseye montre li konsekans grav sipèstisyon genyen sou solisyon l ap chèche jwenn yo.